

# Gid Demaraj Rapid

## Enskripsyon avèk Aplikasyon mobil EVV la

Moun k ap bay swen yo ap itilize aplikasyon mobil EVV a sou aparèy entelijan yo pou kòmanse ak fini chak vizit.


### 1 Etap 1 - Konekte

Nan fen orè travay ou, tape sou ikòn la pou ouvri Aplikasyon Mobil EVV a.



Aprè, konekte nan Aplikasyon Mobil EVV a.

Aprè sa, tape **Continue Visit** (Kontinye Vizit ) a nan kare ble a.



## 2

## Etap 2 - EVV Soti kite travay

Ekran Detay Vizit la ap parèt.

Apre sa, peze bouton

**“EVV Clock Out”**

(EVV Soti kite travay) la.

2:49 90

← October 3, 2025 ?

**DC** **Dale Consumer**  
 600 Technology Center Drive, Stoughton, MA, 02...  
[More information](#)

2:49 PM - —:— —

🕒 00:00:29

**Visit Settings**

**Consumer Enrollment** \* *Required*  
 FFS - MH (06/01/2025) ▼

**Service Code** \* *Required*  
 Regular ▼

**EVV Clock Out**


### 3

## Etap 3 - Ekran Kat

Ekran **Kat** la ap parèt.

Sa konfime kote ou ye a lè w ap pati.

Peze bouton **Continue** (Kontinye) a.



### Nòt:

Kote konsomatè a rete = pwen wouj

Reyon pou "Lakay" = Fè yon sèk otou kay konsomatè a

Kote PCA = Flèch Ble

Deziyasyon kote sèvis la = "Lakay" oswa "Kominote"

## 4

## Etap 4 - Konfime Fen Vizit la


### Mesaj **Confirm Visit End**

(Konfime Fen Vizit la) ap parèt.

Tape **End Visit** (Fen vizit la) pou make depa ou.

Ou kapab tou peze End Visit & Start New Visit (Fen vizit la epi kòmanse yon nouvo vizit) si w ap kòmanse yon lòt shift pou menm kliyan an touswit.


Sistèm EVV a konte jou konje yo otomatikman.



### Nòt:

Aplikasyon Mobil EVV a pral ajoute lè travay ou a otomatikman nan Pòtay EVV a. Si ou konekte sou entènèt lè ou fini lè travay ou a, sa pral fèt imedyatman. Si ou pa gen entènèt nan moman w ap fini lè travay ou a, se pa yon pwoblèm – toutfwa, ou pral bezwen konekte ak entènèt nan fen peryòd pewòl la, pou lè travay la ka moute.

Si ou te chwazi **End Visit** (Fen Vizit la), ou ap retounen nan ekran Konsomatè yo avèk yon mesaj vèt ki konfime ke **"EVV Clock Out was successful."** (EVV Sòti kite travay a te reyisi).



**Nòt:** Si ou te chwazi **End Visit & Start New Visit** (Fen tou a epi kòmanse yon nouvo tou), ou ap retounen nan ekran kat la avèk yon mesaj vèt ki konfime ke "EVV Clock Out was successful." (EVV Sòti kite travay a te reyisi). Apre sa, ou ka peze **"Continue"** (Kontinye) tpou kòmanse yon nouvo vizit.